

Mahashitagi

Vachadzidza kuti mahashitagi akabudirira sei pakuparadzira mashoko evanotsutsumwa vachishandisa indaneti. Vadzidzi vachaonawo nzira iyo mahashitagi anogona kuparadzira nayo mashoko nezveshambadzo uye kuti vagadzire mahashitagi avo uye nzira dzekushambadzira nyaya dzavanofarira.

Kutsutsumwa Uchishandisa Mahashitagi

Chikamu Chekutanga

Udza Vadzidzi Vako

Kunyange zvazvo vanhu vakasiyana-siyana vachishandisa indaneti pakushambadza, nzvimbo dzepaindaneti idzi dzine zvimwe zvakafanana padziri. Chimwe chinhu chinobatsira chiripo chinonzi hashitagi. Mahashitagi anoita kuti tikwanise kuzivisa pfungwa dzedu tichiita zvekubatanidza zvatiri kunyora nezvimwe zvine nyaya yakafanana nayo. Semuenzaniso, kana tichida kupa vamwe mavhidhiyo emutambo wenhabvu watakabva kutamba apo mutambi wedu akagohwesa zvibodzwa zvitatu ega, tinogona kuti “#football” uye “#hattrick” patsananguro yevhidhiyo yacho kuti vanhu vari kutsvaga mavhidhiyo emitambo vaione. Nenzira iyi, tinowedzera mikana yekuti vanamazvikokota vezvemitambo vaone mavhidhiyo edu.

Mahashitagi anonyanya kushanda pakushambadza zvinyunyuto. Semuenzaniso, pashure pekupfurwa kwakaitwa Trayvon Martin muFlorida, USA nemumwe mupurisa, vanhu vanoverengeka vakatanga kunyora vachinyunyuta nezverusaruraganda muUnited States vachishandisa hashitagi yaiti #BlackLivesMatter. Hashitagi yacho payakaramba ichikurumbira, vanhu vazhinji vakatanga kuona zvainyorwa nevamwe vakanga vambosangana nedambudziko iroro, uye kushanda kwavanoita nemapurisa muUnited States nhasi nekutsvaga hashitagi inoti “#BlackLivesMatter.” Kubudikidza nekushambadza paindaneti vachitsutsumwa, Black Lives Matter yakakura ikava sangano rinoratidza kutsutsumwa rinotsigirwa nevamwe vanhu vane masimba makuru.

Hashitagi chinhu chine simba chinokwanisa kushandiswa paindaneti pasi rose. Sangano remagandanga reBoko Haram parakapamba vanasikana 276 pachikoro chavo chesekondari muChibok, Nigeria, vanhu vemuNigeria vakaedza kuzivisa ruzhinji nezvedambudziko iri vachishandisa indaneti pavainyora mashoko vachishandisa hashitagi yaiti “#BringBackOurGirls.” Nyaya yacho yakakurumidza kupararira pasi rose, uye vanhu vane mukurumbira vane simba nevamwe vakatanga kutsigira nyaya yacho.

Pane mimwe mienzaniso yakawanda yekushandisa mahashitagi pakushambadzira imwe nyaya kupota pasi rose. Semuenzaniso, vadzidzi vepayunivhesiti muMexico vakashandisa hashitagi yaiti “#YoSoy132” pasarudzo dzemutangamiri wenyika muna 2012, vadzidzi vepayunivhesiti muHong Kong vakashandisa hashitagi yaiti “#umbrellarevolution” pairatidzirwa zvevatongerwo enyika muna 2014, uye vadzidzi vepayunivhesiti muChile vakashandisa hashitagi yaiti “#MovimientoEstudiantil” kuti vashambadzire kuchinja kwavaida kuti kuitwe panyaya yedzidzo.

Kana paine zvauri kuzivisa ruzhinji kuti zvichinje, kushandisa mahashitagi inzira yakanaka chaizvo yekuudza vanhu vakawanda pfungwa dzako. Pabasa riri muchikamu chinotevera, tichaongorora kushandiswa kwemahashitagi panzvimbo

dzekukurukura nadzo.

Basa Rekuita

Chikamu Chekutanga

Mutambo Wekirasi

Ronga vadzidzi muzvikwata zvevaviri vaviri.

Udza Vadzidzi Vako

Muri vaviri vaviri, tsvagai hashitagi yakamboshandiswa munguva pfupi yadarika pakuzivisa ruzhinji imwe nyaya.

Kana mawana hashitagi iyi, dzokororai nhaurwa dzaitwa ipapo uye monyora pfupiso yezviri kukururwa zvacho. Mozoudza kirasi yose pfupiso iyi.

Mune maminiti 15 ekuti mutsvage hashitagi uye kunyora pfupiso.

Mutambo Wekirasi

Ipa vadzidzi maminiti 15 ekuti vashande. Kana vangopedza, ipa timu yega yega maminiti 15 ekuti vaudze vamwe zvavawana.

Bvunza Vadzidzi Vako

Mashoko api ari kuudzwa vamwe pahashitagi yacho?

Pane nyaya dzakada kufanana neiyi dziri kukururwa pane mamwe mahashitagi here? Nemhaka yei uchifunga kuti izvi zviri kuitika, kana kuti hazvisi kuitika?

Pane mamwe mahashitagi anoita sekuti anobudirira kudarika mamwe here (semuenzaniso, aye anoramba achitumirwa-tumirwa nevamwe) Ndeapi? Nemhaka yei?

Chikamu Chechipiri

Udza Vadzidzi Vako

Iye zvino, fungai nyaya inonyanya kukosha kwauri nemumwe wauri kushanda naye uye:

1. Gadzirai hashitagi yenyaya iyoyo.
2. Gadzirai mufananidzo, dhayagiramu, chati, kana girafu kuti muzivise hashitagi yenyu.

3. Nemumwe wako, kurukurai nzira dzakasiyana-siyana dzamunokwanisa kuparadzira hashitagi yenyu muchishandisa indaneti. Ndedzipi dzimwe nzira dzinobudirira chaizvo dzatawana pakuongorora kushandiswa kwakaitwa mamwe mahashitagi?

Une maminiti 30 ekuti upedze basa iri.

Mutambo Wekirasi

Ipa mudzidzi maminiti 30 ekuti aite basa iri nemumwe wake. Zvadaro, vape maminiti 20 ekuti vakurukure, nekirasi yose, hashitagi yavo, mifananidzo yavanayo, uye pfungwa dzekushambadzira hashitagi yacho.